

SOAL PAS BAHASA JAWA KELAS XI

KURSIGURU.COM

A. Wenehana Tanda Ping (X) Ing Aksara A, B, C, D Utawa E Sing Dianggep Bener!

Aywa sembrana ing kalbu,
Wawasen wuwus sireki,
Ing kono yekti karasa,
Dudu ucape pribadi,
Marma den sembadeng sedya,
Wewesen praptaning uwis.

1. Pranyatan kan jumbuh kalian tembang ing nginggil yaiku...
 - a. Wawasane kudu jembar
 - b. Wong kudu pinter guneman
 - c. Yen guneman kudu ati-ati
 - d. Ucape pribadhi iku sing paling bener
 - e. Wong sembada iku yen duwe kekarepan
2. Tembang kinanthi kasebut dumadi saka....
 - a. 1 gatra 6 pada
 - b. 1 pada 6 gatra
 - c. 1 pada 6 wanda
 - d. 1 wanda 6 gatra
 - e. 1 gatra 6 wanda
3. Wawasen wuwus sireki. Tembung wuwus duweni teges...
 - a. Ucap
 - b. Uwis
 - c. Pekerti
 - d. Tumindak
 - e. Karep
4. Tembang kinanthi kasebut nduwensi watak
 - a. Asih asuh
 - b. Rada sereng utawa galak
 - c. Raket, kulina
 - d. Tresna seneng
 - e. Resep lan luwes
5. Ing ngisor iki sing kalebu tembung garba yaiku...

- a. Aywa
- b. Sireki
- c. Karasa
- d. Praptaning
- e. Sedya

6. Ing ngisor iki gatra tembang kang nggunakake puwakanthi yaiku...

- a. Dudu pocape pribadi
- b. Ing kono yekti karasa
- c. Wawasen wuwus sireki
- d. Marma den sembadeng sedya,
- e. Aywa sembrana ing kalbu,

7. Nembang macapat, supaya penak dirungokake kudu pas karo titilarase. Tegese titilaras yaiku...

- a. Notasi
- b. Cengkok
- c. Cakepan
- d. Pathokan
- e. Pocapan

8. Pratelan tembung ing ngisor iki, kang kalebu tembung andhahan yaiku kejaba...

- a. Ny + sapu dadi nyapu
- b. M + pulih dadi mulih
- c. Ng + gawa dadi nggawa
- d. N + jungkel dadi njungkel
- e. M + panas dadi manas

wacan kanggo soal nomor 9

- 1. Marma den taberi kulup
- 2. Bengkas kahadaning driya
- 3. Supaya dadya utami
- 4. Angulah lantiping ati
- 5. Rina wengi den aneda
- 6. Pandak-panduking pambudi

9. Urut-urutane tembang kasebut, kang leres yaiku...

- a. 1, 4, 5, 6, 2, 3
- b. 1, 5, 4, 6, 2, 3
- c. 1, 4, 5, 2, 6, 3
- d. 1, 4, 5, 6, 3, 2
- e. 1, 2, 5, 6, 4, 3

10. Tembung kulup lan tembung aneda nduwensi teges...

- a. Anak, lakon
- b. Anak, usaha
- c. Anak, siang
- d. Siang, usaha
- e. Lakon, anak

11. Larik angulah lantiping ati nduwensi teges...

- a. Ngolah kadigdayan
- b. Ngolah kesabaran
- c. Ngolah kapinteran
- d. Ngolah rasa batin
- e. Ngolah laku tapa

12. Larik kang nduwensi teges saben wayah kudu temen olehe usaha yaiku gatra...

- a. Bengkas kahadaning driya,
- b. Rina wengi den aneda.
- c. Angulah lantiping ati,
- d. Samangsa wis kawistara,
- e. Landhepe mingis mingis,

13. Wosing tembang kasebut yaiku...

- a. Nglakoni prithatin lan ngudi ilmu supaya dadi utama penguripane
- b. Ngilangake rasa samar lan tansah waspada iku bisa ngendhaleni hawa nepsu
- c. Aja tumidhak sakepenake dhewe amarga urip akeh pacoban, mulu kudu ati-ati
- d. Ngelmu kang sejati iku ora jail, meri lan ngaya, anane mung antenging ati
- e. Angkara murka bisa dikendhaleni nganggo laku batin

14. Tetembungan ing ngisor iki sing kalebu tembung lingga kejaba...

- a. Utami, bengkas, wengi
- b. Samangsa, pambudi, ati
- c. Mingis, atunggil, urip
- d. Lantiping, landhepe, kahadaning
- e. Samangsa, atunggil, rina

Wacan kanggo soal nomor 15

Dina iki dina sabtu

Sekolahku padha prei

Wis wanci ngasokne awak

.....

Penting kumpul keluarga

Uripku rasane manis

15. Larik kang trep kanggo jangkepi tembang kasebut yaiku...

- a. Penak kumpul ibu bapak
- b. Najan sangu ra nduweni
- c. Wis ora sekolah meneh
- d. Bapak ibu tindak kantor
- e. Rewang ibu nyuci baju

Upamane wong lumaku,
Marga gawat den liwati,
Lamun kurang ing pangarah,
Sayekti karendhet ing ri,
Apese kasandhung padhas,
Babak bundhas anemahi.

16. Upamane wong lumaku, Marga gawat den liwati nduweni teges...

- a. Bakal entuk kacilakan sadalan dalan
- b. Sidane bakal kelaran awake dhewe
- c. Wong kudu ati-ati ben slamet uripe
- d. Yen awak dhewe kurang ati-ati
- e. Mlaku ing dalan kang kebak bebaya

17. Yen awak dhewe kurang ati-ati iku tegese saka gatra...

- a. Sayekti karendhet ing ri,
- b. Apese kasandhung padhas,
- c. Lamun kurang ing pangarah
- d. Babak bundhas anemahi.
- e. Upamane wong lumaku

18. Papan lan wektu kadadeyan ing crita diarani...

- a. Alur
- b. Latar
- c. Paraga
- d. Watak
- e. Tokoh

19. Kepala sekolah maringi pidhato marang para siswa prayogane migunakake basa...

- a. Ngoko
- b. Krama
- c. Kedhaton
- d. Kramantara

- e. Krama alus
20. Cacahing wanda ing saben sagatra diarani guru...
- a. Gatra
 - b. Lagu
 - c. Wilangan
 - d. Dhong dhing
 - e. Satra

B. Jawaben Pitakon ing Ngisor Iki Kanthi Bener

- 1. Sebutna ciri-cirine geguritan!
- 2. Tulisake 5 tema sing bisa digawe geguritan!
- 3. Gawekake geguritan basa Penginyongan kanthi tema Baturraden (4 larik)

Wacanen geguritan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon 4 lan 5

URIP KUWE URUP

Yanwi Mudrikah

urip kuwe urup
bisa kanggo gawe maring sapa bae
men ora nyengsarake masrakat
mengko-mengkone kanggo sangu akhirat

urip kue ora gampang
aja nganti ketimpang-timpang
dadi ya aja gemampang
urip kuwe urup

- 4. Terangake tema sing digunakake ing geguritan nduwur!
- 5. Nasihat apa sing bisa dijukut saka geguritan nduwur? Terangake!

Kunci Jawaban:

- | | | | |
|------|-------|-------|-------|
| 1. C | 6. C | 11. D | 16. E |
| 2. B | 7. A | 12. B | 17. C |
| 3. A | 8. B | 13. A | 18. D |
| 4. A | 9. A | 14. B | 19. B |
| 5. B | 10. B | 15. B | 20. C |